

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Upacara tradisi Nyuguh, mangrupa salasahiji tradisi anu rutin dilaksanakeun ku masarakat Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis dina tanggal 25 bulan Safar. Upacara tradisi Nyuguh mangrupa bukti rasa hormat ka Raja Pajajaran, nya éta Prabu Siliwangi sarta sipat soméah hadé ka sémah anu dipimilik ku masarakat Kampung Kuta. dina kamekaranna upacara tradisi Nyuguh dijadikeun ajang pikeun silaturahmi antar masarakat Kampung Kuta. Tapi tetep nyekel pageuh kana tradisi anu diwariskeun ku para karuhun jeung sesepuh Kampung Kuta.

Prak-prakan upacara tradisi Nyuguh dimimitia jam 4 soré ditandaan ku ngarumpulna masarakat anu geus siap pikeun ngalaksanakeun upacara tradisi Nyuguh di buruan Balé Sawala Kampung Kuta. kagiatan saterusna nya éta ngabringna masarakat Kampung Kuta ti buruan Balé Sawala ka tapel wates Kampung Kuta nya éta walungan Cijolang. Dina kagiatan ngabring ieu karapihan jeung katartiban jadi hal anu diutamakan pisan. Runtuyan kagiatan satuluyna nya éta du'a atawa ikrar anu dipimpin ku Kuncén. Du'a ieu mangrupa bentuk rasa sukur ka Alloh SWT jeung sangkan kampung Kuta katut eusina salawasna aya dina lindungan Alloh SWT. Kagiatan pamungkas nya éta dahar bareng anu dilaksanakeun ku masarakat Kampung Kuta jeung dikeun pikeun média silaturahmi antar warga masarakat.

Dina upacara tradisi Nyuguh aya ajén-inajén palsapah nya éta ajén élmu pangaweruh, ajén teknologi, ajén sosial, ajén ékonomi, ajén kasenian jeung ajén agama. Ajén palsapah ieu mangrupa piwuruk tinu jadi sepuh baheula ka anak incuna sangkan ngajadikeun tradisi salaku patokan dina kahirupan kucara ngajaga alam, ku sabab mun alamna rusak manusana pasti balangsak.

Ajén palasapah dina upacara tradisi Nyuguh di kampung Kuta bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA. Ku sabab ajén palsapah dina upacara tradisi Nyuguh di Kampung Kuta mangrupa salasahiji kabudayaan Sunda anu kudu dipikanyaho ku masarakat Sunda umumna sarta siswa SMA hususna sarta saluyu jeung SKKD Standar Kompetensi Maca di SMA/ SMK/ MA Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda Kelas XI, nya éta nomber 11.3 jeung kaasup dina poin anu aya dina SKKD pelajaran basa Sunda nya éta maca *bahasan* (pedaran).

5.2 Saran

Dumasar hasil tina ieu panalungtikan, aya sawatara saran pikeun sababaraha pihak, mugia tiasa nyampurnakeun kana panalungtikan kabudayaan kapayuna. pihak-pihakna, nya éta.

- 1) Lembaga pendidikan
- 2) Guru
- 3) Mahasiswa
- 4) Masarakat